


BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Unggal panalungtikan tangtu mikabutuh desain panalungtikan sangkan panalungtikanna leuwih *terarah*, kitu ogé dina ieu panalungtikan. Dina ieu panalungtikan aya léngkah-léngkah nu dipilampah ku panalungtik, di antarana nya éta maca *facebook*, nyalin halaman-halaman tina *facebook* kana *Microsoft Word*, nyirian kandaga kecap sunda nu ditulis dina basa *alay*, nyalin data nu geus dicirian kana kartu data, ngolah data, ngadéskripsikeun data, nyieun kacindekkan. Sangkan leuwih jéntré, léngkah-léngkah nu tadi disebutkeun di luhur baris dibagankeun.

Bagan 3.1



3.2 Sumber Data

Luyu jeung judul panalungtikan, nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta 661 akun *facebook*, per tanggal 22 Désémber 2010 nu aya dina daptar babaturan akun *facebook Rizka Nurmala*. Tina sumber data éta dipilih 50 akun *facebook* diantarana nya éta akun *facebook* kalawan ngaran akun: *Addmiirable X-e Uriim; Amanda Nur Agny; Annisa Ichaeangksayankdiaakand Selulusampaikapanpunmati; Aqquh C'anakScoutz SelaluSelamanya; Asep Sofyan; Ayank Annie; Ayu Cedrick Digori Grangger; Ayu Hanastasya; Bebe Childnice; Bumble Bee; Cca Maybemaybe Ssecaddott; Chiie Lemodht; Chiieewz Boedaxriweugh Cynkkmhuzllu; Cqii'mhabocktt Norocktocktt Socktisholedatt; Deviiie Ariieyantie; Dewi Rukmiati; Dhea Sibocahsmartbut Behaviorchildlike; Dita Tiara Pramudita; DNzzgothiezzc'allaythea Dhexcollkamphaxzpallue; Ebbephcllallucayyank Ebbeyzajjajsallamiienha Sllallukosontigasepuluh; Endha Dhaa Dmnaamna; Fitrichayank Kmuslalu; Hanii Cheryl Lakeisha; Herlina Phie'alay Pengent Perubahant; Illend Zheandelmy; Intan Widayyanti; Leedy Lupha; LesTari Omett KhatsUne THEa; Lynna Thaiiank Cmemuayaya; Micceca YOe; -Nddah Blaxx Bloox'z-; Nella ChubiieLubiielhu Sii'Naunnasemma; Nha Ratna Yeah Bheppbhop; Ninottralalatrilili Balelolblahblohbolobolo Tiadataragimanagitudech; Noveratujulian Azzahra; Nurul Zamilah Zanee; Onedda Widdiyaan Pufitaasarii; Ouchan Cllallucendlli Shan Budhe; QeQew Funk; Qieqox PurpCliq Xnaiiasavipatagujxnaiiasfia; Queenny Anyyundd Queenigiiendd; Rezty Tandiani Utamy; Riez Queen; Setia Swans Cullen's; Shen*

*Hertiyani; Ssi Mincreungg Uchul; Syifa Adityani Rahmi; Thatha Porontil
Ciichubyy; Uwiie Caiianx Qmmuhh; Ve Vil C'Mutzz.*

Sangkan leuwih jelas, sumber data di luhur baris ditabélkeun saperti di handap ieu.

Tabél 3.1
Sumber Data

No.	Ngaran Akun Facebook	Ping Diaksés
(1)	(2)	(3)
1	Addmiirable X-e Uriim	15 Séptémber 2010
2	Amanda Nur Agny	23 Séptémber 2010
3	Annisa Ichaeangksayankdiaakand Selalusampaikapanpunmati	25 Séptémber 2010
4	Aqquh C'anakScoutz SelaluSelamanya	30 Séptémber 2010
5	Asep Sofyan	2 Oktober 2010
6	Ayank Annie	6 Oktober 2010
7	Ayu Cedrick Digori Grangger	7 Oktober 2010
8	Ayu Hanastasya	9 Oktober 2010
9	Bebe Childnice	13 Oktober 2010
10	Bummbly Bee	17 Oktober 2010
11	Cca Maybemaybe Ssecaddott	18 Oktober 2010
12	Chiie Lemodht	19 Oktober 2010
13	Chiieewz Boedaxriweugh Cynkkmhuzllu	23 Oktober 2010
14	Cqii'mhabocktt Norocktocktt Socktisholedatt	25 Oktober 2010
15	Deviie Ariieyantie	26 Oktober 2010
16	Dewi Rukmiati	30 Oktober 2010
17	Dhea Sibocahsmartbut Behaviorchildlike	31 Oktober 2010
18	Dita Tiara Pramudita	4 Nopémber 2010
19	DNzzgothiezzc'allaythea Dhexcollkamphaxzpallue	7 Nopémber 2010
20	Ebbephcllallucayyank Ebbeyzajjajsallamiienha Sllallukosontigasepuluh	8 Nopémber 2010
21	Endha Dhaa Dmnaamnna	9 Nopémber 2010
22	Fitrichayank Kmuslalu	9 Nopémber 2010
23	Hanii Cheryl Lakeisha	9 Nopémber 2010
24	Herlina Phie'alay Pengent Perubahant	10 Nopémber 2010
25	Illend Zheandelmy	11 Nopémber 2010
26	Intan Widayyanti	11 Nopémber 2010
27	Leedya Lupha	12 Nopémber 2010
28	LesTari Omett KhatsUne THEa	12 Nopémber 2010
29	Lynna Thaiiank Cmemuayaya	13 Nopémber 2010
30	Micceca YOe	14 Nopémber 2010
31	-Nddah Blaxx Bloox'z-	15 Nopémber 2010

(1)	(2)	(3)
32	Nella ChubiieLubiielhu Sii'Naunnasemma	16 Nopémber 2010
33	Nha Ratna Yeah Bheppbhop	17 Nopémber 2010
34	Ninottralalatrilili Balelolblahblohbolobolo Tiadataragimanagitudech	18 Nopémber 2010
35	Noveratujulian Azzahra	19 Nopémber 2010
36	Nurul Zamilah Zanee	20 Nopémber 2010
37	Onedda Widdiyaan Pufitaasarii	21 Nopémber 2010
38	Ouchan Cllallucendlli Shan Budhe	25 Nopémber 2010
39	QeQew Funk	26 Nopémber 2010
40	Qieqox PurpCliq Xnaiiasavipatagujxnaiiasfia	28 Nopémber 2010
41	Queenny Anyyundd Queenigiendd	2 Désémber 2010
42	Rezty Tandiani Utamy	3 Désémber 2010
43	Riez Queen	7 Désémber 2010
44	Setia Swans Cullen's	9 Désémber 2010
45	Sheni Hertiyani	10 Désémber 2010
46	Ssi Mincreungg Uchul	13 Désémber 2010
47	Syifa Adityani Rahmi	14 Désémber 2010
48	Thatha Porontil Ciichubyy	19 Désémber 2010
49	Uwjie Caiianx Qmmuhh	20 Désémber 2010
50	Ve Vil C'Mutzz	22 Désémber 2010

Akun-akun *facebook* éta dipilih alatan éta akun dianggap ngawakilan tina naon anu geus disebutkeun dina tiori ngeunaan *alay* jeung basa *alay*. Sedengkeun pikeun data-data nu dikumpulkeun nya éta data nu aya ti bulan Mei nepi ka Juli 2010.

3.3 Wangenan Operasional

3.3.1 Analisis Éjahan

Analisis éjahan nu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta nalungtik kaédah-kaédah cara nuliskeun kekecapan pikeun nalungtik éjahan-éjahan nu dipaké ku para pamaké *facebook*.

3.3.2 Basa *Alay*

Basa *alay* nu dimaksud dina ieu panalungtikan, nya éta basa nu dina panulisanna aya manjangan atawa mondokkan makéna aksara dina kecap nu dituliskeun ku panulis ngaliwatan média *facebook*.

Jadi nu dimaksud analisis éjahan basa *alay* nu aya dina *facebook* dina ieu panalungtikan, nya éta nalungtik kaédah-kaédah cara nuliskeun kekecapan, nu dina panulisanna aya manjangan atawa mondokkan makéna aksara dina nuliskeun kecap, kalawan *facebook* nu jadi médiana.

3.4 Métode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, panalungtik maluruh tur ngadéskripsikeun éjahan basa *alay* nu aya dina *facebook*. Tangtuna dina panalungtikan moal aya manipulasi ogé moal aya kontrol sacara langsung kana hal nu keur ditalungtik. Ku kituna, ieu panalungtikan téh maké métode panalungtikan déskriptif.

Métode panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan nu miboga tujuan ngagambarkeun sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sipat-sipat populasi atawa daérah nu tangtu. (Suyatna, 2001: 14)

3.5 Téhnik Panalungtikan

3.5.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan tangtu mikabutuh data nu baris ditalungtik. Ku kituna dina ieu panalungtikan, panalungtik baris ngumpulkeun data maké téhnik dokuméntasi.

3.5.2 Téhnik Ngolah Data

Data nu geus dikumpulkeun tangtu kudu diolah kalawan cara nu bener tur luyu jeung ieu panalungtikan. Téhnik ngolah data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik distribusional, nu mana léngkah-léngkahna ,nya éta:

- 1) Mariksa sakabéh data nu aya dina kartu data
- 2) Ngadaptar data nu aya
- 3) Ngitung jumlah kekecapan
- 4) Analisis

3.6 Instrumén Panalungtikan

Unggal panalungtikan mikabutuh alat atawa instrumén pikeun kalancaran kagiatan panalungtikan. Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kartu data.

Conto Kartu Data

No	:	_____
Akun/tanggal	:	_____
Kecap nu kapanggih	:	_____
Kecap standar	:	_____
Analisis	:	_____